



Fòm Divilgasyon Lojman ak Anti-Diskriminasyon Eta New York

Lwa Federal, Eta ak lokal pou Lojman Ekitab ak Anti-Diskriminasyon bay pwoteksyon konplè kont diskriminasyon lojman. Li ilegal pou nenpòt pwopriyete, bayè, jeran pwopriyete, oswa nenpòt lòt moun k ap vann, lwe pou yo ti kout tan oswa yon tan ki long, fè diskriminasyon sou baz sèten karakteristik pwoteje, ki enkli, men se pa sa sèlman, **ras, kwayans, koulè, nasyonalite, orijin nasyonal, oryantasyon seksyèl, idantite oswa ekspresyon sèks, estati militè, sèks, laj, andikap, eta sivil, sous legal revni oswa kondisyon fanmi**. Pwofesyonèl nan byen imobilye yo dwe konfòme tou ak tout lwa sou Lojman Ekitab ak Anti-Diskriminasyon.

Koutye ak vandè byen imobilye, ak anplwaye yo ak ajan yo vyole Lwa a si yo:

- Diskrimine sou baz nenpòt karakteristik pwoteje lè y ap negosye yon vant, lokasyon oswa kontra lwaye, ki gen ladan reklamasyon yon pwopriyete pa disponib pandan li disponib.
- Negosye kondisyon diskriminatwa pou vann, lwe pou yon ti kout tan oswa lwe pou yon tan long, tankou di yon pri diferan akòz ras, orijin nasyonal oswa lòt karakteristik pwoteje.
- Diskrimine sou baz nenpòt karakteristik pwoteje paske se preferans yon vandè oswa yon mèt kay.
- Diskrimine ak “direksyon”, sa ki rive lè yon pwofesyonèl byen imobilye gide potansyèl achtè oswa lokatè nan direksyon oswa lwen sèten katye, lokal oswa edifis, dapre nenpòt karakteristik ki pwoteje.
- Diskrimine ak “blockbusting” ki rive lè yon pwofesyonèl nan byen imobilye reprezante yon chanjman te fèt oswa ki ka rive alavni nan konpozisyon yon blòk, katye oswa zòn, ki gen rapò ak nenpòt karakteristik ki pwoteje, e chanjman sa yo pral gen konsekans endezirab pou zòn sa a, tankou yon bèss nan valè byen imobilye, yon ogmantasyon nan krim, elatriye.
- Diskrimine lè yo fè presyon sou yon kliyan oswa yon anplwaye pou vyole lalwa.
- Ekspriye nenpòt diskriminasyon akòz nenpòt karakteristik ki pwoteje ak nenpòt deklarasyon, piblikasyon, reklam, aplikasyon, ankèt oswa nenpòt dosye Lwa sou Lojman Ekitab.

OU GEN DWA POU DEPOZE PLENT

Si ou kwè w te viktim diskriminasyon lojman ou dwe pote yon plent nan Divizyon Dwa Moun Eta New York la (DHR). Ou ka depoze plent lè w:

- Telechaje yon fòm plent sou sitwèb DHR la: www.dhr.ny.gov;
- Pase nan yon biwo DHR fizikman oswa kontakte youn nan biwo Divizyon an nan telefòn oswa pa lapòs pou jwenn yon fòm plent ak/oswa asistans pou depoze yon plent. Gen yon lis biwo ki disponib sou Entènèt nan:

<https://dhr.ny.gov/contact-us>, ak Liy Asistans pou Lojman Ekitab la nan (844)-862-8703.

Ou ka depoze yon plent tou nan Depatman Deta Eta New York, Divizyon Sèvis Lisans. Ou ka depoze plent lè w:

- Telechaje yon fòm plent sou sitwèb Depatman Deta a.
https://www.dos.ny.gov/licensing/complaint_links.html
- Pase nan yon biwo Depatman an fizikman oswa kontakte youn nan biwo yo pa telefòn oswa pa lapòs pou jwenn yon fòm plent.
- Rele Depatman an nan 518-474-4429.

Ou pa dwe peye okenn frè pou sèvis sa yo. Li ilegal pou nenpòt moun pran revanj kont ou paske w depoze yon plent.



Division of Licensing Services

Eta New York
Depatman Deta Eta New York, Divizyon Sèvis Lisans
(518) 474-4429
<https://dos.ny.gov>

Eta New York
Divizyon Dwa Konsomatè yo
(888) 392-3644

Fòm Divilgasyon Lojman ak Anti-Diskriminasyon Eta New York

Pou plis enfòmasyon sou dwa ak responsablite Lwa sou Lojman Ekitab (Fair Housing Act), tanpri vizite <https://dhr.ny.gov/fairhousing> ak <https://www.dos.ny.gov/licensing/fairhousing.html>.

Moun ki te bay mwen fòm sa a se _____ (non Vandè/ Koutye imobilye a an lèt detache) nan _____ (non konpayi Imobilye a, fim nan oswa koutye a an lèt detache).

(Mwen) (Nou) _____

(Achtè/Lokatè/Vandè/Pwopriyetè) rekonèt mwen/nou resevwa yon kopi Fòm Divilgasyon sa a:

Siyati Achtè/Lokatè/Vandè /Pwopriyetè a _____ Dat: _____

Siyati Achtè/Lokatè/Vandè /Pwopriyetè a _____ Dat: _____

Lalwa Eta New York egzije pou koutye byen imobilye ak vandè yo ba w Fòm Divilgasyon sa a.